



Social Security

Benefis Pou Timoun ki Enfim

2012



The background of the page features a stylized graphic of blue and orange curved bands and stars, resembling a rising sun or a path through a starry sky, set against a dark blue gradient.

www.socialsecurity.gov

Kontakte Sekirite Sosyal

Vizite wèbsayt (sit entènèt) nou

Wèbsayt nou, www.socialsecurity.gov, se yon resous enpòtan pou enfòmasyon sou tout pwogram Sekirite Sosyal. Nan wèbsayt nou ou ka tou:

- Aplike pou avantaj retrèt, andikap, ak Medicare;
- Jwenn adrès biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou;
- Revize *Social Security Statement (Etadkont Sekirite Sosyal)* ou;
- Mande pou ranplase kat Medicare ou; epi
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo.

Kèk nan sèvis sa yo disponib sèlman nan lang Angle.

Rele nan nimewo gratis nou

Anplis itilizasyon sitwèb nou, ou toujou kapab rele nou gratis nan nimewo **1-800-772-1213**. Nou trete tout apèl yo an sekrè. Si ou pale lang Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tande yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jiska vandredi. Anjeneral, w ap gen yon tan ki pi kout pou tann si ou rele pandan jou lasemèn apre madi. Nou kapab bay enfòmasyon nan lang Angle yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou. Si ou soud oswa si ou mal pou tande, ou ka rele nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**.

Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.

Ki sa ki andedan

Entwodiksyon	4
Peman Revni Sekirite Siplemantè pou timoun ki enfim	5
Benefis Asirans Enfimate Sekirite Sosyal (SSDI) pou adilt ki enfim depi lè yo te timoun.....	9
Fason pou aplike pou peman SSI oswa pou benefis SSDI ak fason ou ka ede	10
Pwogram sipò pou djòb pou jèn moun ki enfim	12
Medicaid ak Medicare	13
Children's Health Insurance Program.....	14
Lòt sèvis swen sante.....	15

Entwodiksyon

Tiliv enfòmasyon sa a se pou paran, moun k ap pran swen timoun oswa reprezantan timoun ki poko gen 18 tan, ki gen andikap epi ki ta ka fè yo kalifye pou resevwa peman Revni Sekirite Siplemantè (SSI). Li la tou pou adilt ki te vin enfim depi lè yo te timoun epi ki ka gen dwa pou resevwa benefis Asirans Enfimite Sekirite Sosyal (SSDI). (Nou rele benefis SSDI yon benefis “timoun” paske peman benefis sa a fèt sou yon dosye salè Sekirite Sosyal paran.)

Tiliv enfòmasyon sa a ap ede ou deside si ptit ou, oswa yon timoun ou konnen, ta ka kalifye pou resevwa SSI oswa Sekirite Sosyal.

Peman Revni Sekirite Siplemantè pou timoun ki enfim

SSI fè peman chak mwa pou moun ki pa touche anpil lajan, ki pa gen anpil resous epi ki gen 65 kan oswa plis, ki avèg oswa ki enfim. Ptit ou ki pokò gen 18 tan kapab kalifye si li satisfè definisyon andikap Sekirite Sosyal pou timoun, epi si revni ak resous li tonbe nan limit kalifikasyon an. Kantite lajan peman SSI a diferan nan chak eta paske kèk eta ajoute lajan sou peman SSI a. Biwo lokal Sekirite Sosyal ou ka ba ou plis enfòmasyon sou peman total SSI nan eta kote w ap viv la.

Règ SSI konsènan revni ak resous

Lè n ap deside si ptit ou kapab resevwa SSI, n ap konsidere revni ak resous ptit ou. N ap konsidere tou revni ak resous manm fanmi k ap viv nan menm kay avèk timoun nan Règ sa yo aplike si ptit ou ap viv nan kay la. Règ yo aplike tou si li toujou al lekòl men li retounen nan kay la tanzantan epi li anba kontwòl ou.

Si revni ak resous ptit ou oswa revni ak resous lòt manm fanmi k ap viv nan menm kay ak timoun nan plis pase limit kantite lajan an, n ap refize aplikasyon timoun nan pou peman SSI.

Nou limite peman SSI pa mwa a \$30 lè yon timoun nan yon sant medikal kote asirans maladi ap peye pou swen medikal li.

Règ SSI konsènan enfimite

Ptit ou dwe satisfè tout kondisyon sa yo pou nou kapab konsidere li kòm yon timoun ki enfim epi kidonk pou li kapab elijib pou SSI:

- Timoun nan pa dwe ap travay, epi li pa dwe ap touche plis pase \$1,010 pa mwa nan ane 2012 la. (Anjeneral, revni sa a chanje chak ane.) Si l ap travay epi l ap touche kantite lajan sa a, n ap konsidere ptit ou pa andikape.
- Timoun nan dwe gen yon maladi fizik oswa mantal, oswa yon melanj maladi yo, ki lakòz li gen “limit fonksyonèl ki konplike ak grav.” Sa vle di maladi a (yo) dwe limite aktivite ptit ou trè seryezman.
- Pwoblèm sante (yo) ptit ou a dwe se andikap, oswa yo dwe prevwa l ap vin andikape, pandan omwen 12 mwa; oswa yo dwe prevwa sa ap lakòz ptit mouri.

Pwoblèm sante (yo) ptit ou lakòz “limit fonksyonèl ki konplike ak grav” pandan omwen 12 mwa suivi, n ap konsidere ptit ou andikape. Men si sa pa lakòz limit sa yo, oswa si sa pa lakòz limit yo dire omwen 12 mwa, n ap konsidere ptit ou pa andikape.

Fason pou bay enfòmasyon sou maladi ptit ou

Lè w ap aplike pou benefis yo pou ptit ou, n ap mande w enfòmasyon detaye sou kondisyon medikal timoun nan ak fason sa afekte ladrès li pou fonksyone toulejou. N ap mande w tou pou bay pèmisyon pou doktè, pwofesè, terapet ak lòt pwofesyonèl ki gen enfòmasyon sou maladi ptit ou pou yo voye enfòmasyon yo ban nou.

Si w gen nenpòt dosye medikal oswa bilten lekòl ptit ou, vini avèk yo. Sa ap ede nou pran yon desizyon pi vit sou aplikasyon ou.

Sa k ap pase answit?

N ap voye tout enfòmasyon ou ba nou yo nan Sèvis Detèminasyon Enfimite nan eta kote w ap viv la. Doktè ak lòt manm anplwaye ki resevwa fòmasyon nan biwo leta a ap revize enfòmasyon yo, epi y ap mande dosye medikal ak bilten lekòl ptit ou, ak nenpòt lòt enfòmasyon ki nesesè pou deside si ptit ou enfim.

Si biwo leta a pa ka pran yon desizyon sou enfimite a avèk enfòmasyon medikal, bilten lekòl ak lòt enfòmasyon yo genyen sèlman, yo ka mande w pou mennen ptit ou vin fè yon egzamen oswa yon tès medikal. N ap peye pou egzamen an oswa pou tès la.

Nou ka fè peman SSI imedyat pou ptit ou

Sa ka pran twa (3) mwa oswa senk (5) mwa pou ajans eta a deside si ptit ou andikape. Men, pou kèk pwoblèm medikal, nou fè peman SSI touswit epi pandan apeprè sis (6) mwa pandan ajans eta a ap deside si ptit ou andikape.

Anba la se kèk kondisyon ki ka fè ptit ou kalifye:

- Enfeksyon VIH ;
- Avèg total ;
- Soud total;
- Paraliz Serebral;
- Sendwòm Down (Dawonn);
- Distwofi miskilè;

- Twoub grav pou aprann (timoun ki gen laj 7 tan oswa plis); ak
- Timoun nan fêt avèk yon gwosè ki mwens pase 2 liv, 10 ons.

Si ptit ou gen youn nan kondisyon kalifikasyon yo, l ap resevwa peman SSI touswit. Men tou, biwo leta a ka deside finalman enfimite ptit ou pa grav ase pou li resevwa peman SSI. Si sa ta rive, ou p ap gen pou remèt lajan peman SSI ptit ou te deja resevwa yo.

Revizyon enfimite pou SSI

Depi ptit ou kòmanse resevwa peman SSI, lalwa egzije pou nou revize kondisyon medikal ptit ou tanzantan pou verifye si li toujou enfim. Revizyon sa a dwe fèt:

- Omwen chak twa (3) zan pou timoun ki gen mwens pase 18 tan epi ki prevwa k ap refè nan maladi yo; epi
- Avan laj ennan pou tibebe k ap resevwa peman SSI akòz twò piti gwosè yo genyen lè yo fèt, sof si nou detèmine yo pa ka vin refè nan kondisyon medikal yo nan premye anivèsè nesans yo epi n ap pwogramme revizyon an pou yon lòt dat.

Nou ka fè yon revizyon sou andikap la menmsi yo pa prevwa eta sante ptit ou ap amelyore. Lè n ap fè yon revizyon, ou dwe bay prèv ki endike ptit ou ap ak t ap resevwa tretman ki konsidere nesesè medikalman pou kondisyon medikal ptit ou.

Sa k ap pase lè ptit ou vin gen 18 tan

Pou bi enfimite nan pwogram SSI la, yon timoun vin yon adilt lè li gen 18 tan, epi nou itilize diferan règ medikal ak règ ki pa medikal lè n ap deside si yon adilt ka resevwa

peman SSI pou enfimite. Pa egzanp, nou pa konsidere revni ak resous manm fanmi yo lè n ap deside si yon adilt satisfè limit finansye pou SSI. Nou konsidere sèlman revni ak resous adilt la. Nou itilize sèlman règ enfimite pou adilt yo lè n ap deside si yon adilt enfim.

- Si ptit ou déjà ap resevwa peman SSI, nou dwe revize kondisyon medikal timoun nan lè li vin gen 18 tan. Anjeneral, nou fè revizyon sa a pandan yon peryòd ennan ki kòmanse nan 18yèm anivèsè nesans ptit ou. N ap itilize règ enfimite adilt pou deside si ptit 18 tan ou an enfim.
- Si ptit ou pa t elijib pou li resevwa peman SSI anvan 18yèm anivèsè nesans li paske ou menm ak konjwen ou te gen twòp revni oswa resous, li ka vin elijib pou SSI nan laj 18 tan.

Pou plis enfòmasyon, mande
Revni Sekirite Siplementè (SSI)
(Piblikasyon nimewo 05-11000-HC).

Benefis Asirans Enfimite Sekirite Sosyal (SSDI) pou adilt ki enfim depi lè yo te timoun

Pwogram SSDI peye benefis pou adilt ki gen yon enfimite ki te kòmanse anvan lè yo te gen 22 zan. Nou konsidere benefis SSDI sa a kòm yon benefis “timoun” paske li peye sou yon dosye salè Sekirite Sosyal paran.

Pou yon adilt ki enfim vin elijib pou benefis “timoun” sa a, youn nan paran li yo:

- Dwe ap resevwa benefis retrèt Sekirite Sosyal oswa enfimite; oswa
- Dwe mouri epi t ap travay lontan ase epi t ap peye Sekirite Sosyal.

Peman benefis sa yo ka fèt tou pou yon adilt ki t ap resevwa benefis depandan sou yon dosye salè paran anvan laj 18 tan, si li gen enfimite nan laj 18 tan. Nou pran desizyon sou enfimite avèk règ enfimite pou adilt yo. Benefis SSDI “timoun” adilt ki enfim ap kontinye toutotan moun nan rete avèk enfimite a. Ptit ou pa bezwen t ap travay pou li resevwa benefis sa yo.

Kouman nou deside si “pitit” ou enfim pou li resevwa benefis SSDI

Si pitit ou gen 18 tan oswa plis, n ap evalye enfimite li menm jan nou ta evalye enfimite a pou nenpòt adilt. Nou voye aplikasyon ba Sèvis Detèminasyon Andikap ki nan eta kote w ap viv la pou pran desizyon sou andikap la pou nou. Pou jwenn enfòmasyon detaye sou fason nou evalye andikap pou adilt yo, mande *Disability Benefits* (Avantaj pou Andikap) (Piblikasyon Nimewo 05-10029). Pou enfòmasyon an detay sou fason nou evalye enfimite pou adilt, mande pou *Benefis pou Enfimite* (Piblikasyon nimewo 05-10029-HC).

Fason pou aplike pou peman SSI oswa pou benefis SSDI ak fason ou ka ede

Ou ka aplike pou peman Sekirite Sosyal oswa pou peman SSI pou pitit ou. Pou fè sa, ou ka rele Sekirite Sosyal gratis nan nimewo **1-800-772-1213** oswa ou ka ale nan biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou. Si w ap aplike pou peman SSI pou pitit ou, ou ta dwe gen nimewo Sekirite Sosyal li ak batistè li lè w ap aplike a. Si w ap aplike pou benefis SSDI pou

pitim ou, tanpri ou dwe gen nimewo Sekirite Sosyal pa w anplis nimewo Sekirite Sosyal ak batistè pitim ou.

Ou ka ede nou pran yon desizyon. Pou fè sa ou ka:

- Ban nou tout enfòmasyon ou konnen sou kondisyon medikal pitim ou;
- Ban nou dat vizit nan klinik doktè ak nan lopital, nimewo kont pasyan pou nenpòt doktè oswa lopital, ak nenpòt lòt enfòmasyon k ap ede nou jwenn dosye medikal pitim ou; epi
- Ban nou kopi nenpòt rapò medikal oswa enfòmasyon ou genyen deja.

***REMAK:** Ou pa bezwen mande enfòmasyon nan klinik doktè pitim ou. N ap kontakte yo dirèkteman pou nenpòt rapò oswa enfòmasyon nou bezwen pou pran yon desizyon sou enfimite pitim ou.*

Si pitim ou poko gen 18 tan epi li aplike pou SSI, w ap bezwen bay dosye ki montre revni ak resous ou, ansanm ak pa pitim ou. N ap mande w tou pou dekri fason enfimite pitim ou afekte ladrès li pou fonksyone toulejou. Answit, n ap mande w non pwofesè, non founisè sèvis gadri ak non manm fanmi ki ka bay enfòmasyon sou fason pitim ou fonksyone. Si w gen nenpòt bilten lekòl, ou ta dwe pote yo nan antrevi a.

Nan plizyè kominate, gen aranjman espesyal ki fèt avèk founisè swen medikal yo, biwo sèvis sosyal ak lekòl yo pou ede nou jwenn prèv nou bezwen pou trete demann alokasyon pitim ou. Men tou, kolaborasyon ou pou jwenn dosye ak lòt enfòmasyon yo ap ede nou fini djòb nou pi vit.

Pwogram sipò pou djòb pou jèn moun ki enfim

Nou gen anpil fason pou ankouraje jèn moun k ap resevwa peman SSI oswa benefis SSDI epi ki vle al travay.

Dapre SSI:

- Lè nou kalkile peman SSI ptit ou pa mwa, nou pa konsidere pifò nan revni ptit ou. Si ptit ou poko gen 22 zan epi li se yon elèv ki al lekòl regilyèman, nou eskli menm plis nan salè li chak mwa. An 2012, timoun enfim ki gen 22 zan ka retire \$1,700 nan salè pa mwa yo avèk yon limit \$6,840 pa an, lè y ap konsidere revni yo pou bi SSI. Limit sa yo ogmante chak ane.
- Avèk yon Plan pou Reyalize Endependans (Plan to Achieve Self-Support, PASS), yon timoun ki gen 15 zan oswa plis ka epaye kèk revni ak resous pou peye pou edikasyon li ak lòt bagay ki nesesè pou fè li anmezi pou travay. Nou pa konsidere revni ki epaye a lè n ap kalkile revni ptit ou pou bi SSI. Nou pa konsidere revni ak resous ki epaye a lè n ap kalkile kantite lajan peman ptit ou.
- Akòz yon kondisyon medikal, ptit ou ka bezwen sèten atik ak sèvis pou li ka travay, tankou chèz woulant oswa yon asistan pèsonèl. Lè n ap kalkile peman SSI ptit ou, nou p ap konsidere kèk oswa tout kantite lajan ki peye pou atik ak sèvis sa yo nan salè ptit ou.
- Ptit ou ki gen plis pase 15 zan ka jwenn èd nan reyabilitasyon ak fòmasyon.
- Pwoteksyon Medicaid la ap kontinye menm si salè ptit ou wo ase pou sispann

peman SSI la pa mwa, toutotan salè a pi piti pase yon sèten kantite.

Dapre SSDI:

- Yon adilt ki enfim anvan li gen 22 zan ka jwenn menm èd la avèk depans pou travay ki eksplike anwo a pou yon SSI timoun ak èd nan reyabilitasyon ak fòmasyon.
- Benefis lajan kach la ka kontinye jus lè moun nan kapab travay sou yon baz regilye.
- Pwotection Medicare ap kontinye jiska 93 mwa (setan, nèf mwa).

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa yo sou Entènèt nan sitwèb nou, www.socialsecurity.gov, oswa si ou rele nou gratis nan nimewo **1-800-772-1213**.

Medicaid ak Medicare

Medicaid se yon pwogram swen medikal pou moun ki p ap touche anpil lajan epi ki pa gen anpil resous. Nan pifò eta, timoun k ap resevwa peman SSI kalifye pou Medicaid. Nan anpil eta, Medicaid vini otomatikman avèk elijiblite pou SSI. Nan lòt eta yo, ou dwe enskri pou li. Epi kèk timoun ka resevwa pwoteksyon Medicaid menm si yo pa kalifye pou SSI. Ale nan biwo Sekirite Sosyal zòn ou, biwo leta Medicaid zòn ou oswa sèvis sosyal eta oswa konte kote w ap viv la pou ka jwenn plis enfòmasyon.

Medicare se yon pwogram federal asirans maladi pou moun ki gen 65 kan oswa plis ak pou moun k ap resevwa benefis enfimite Sekirite Sosyal pandan omwen dezan. Gen de (2) eksepsyon nan règ sa a. Ptit ou kapab resevwa Medicare imedyatman si li:

- Gen yon nefwopati (maladi ren) kwonik epi si li bezwen transplantasyon ren oswa dyaliz antretyen; oswa
- Trape maladi Lou Gehrig (esklewoz lateral amyotwofik).

Children's Health Insurance Program

Pwogram State Children's Health Insurance Eta a pèmèt eta a yo ofri asirans sante pou timoun ki nan fanmi k ap travay epi ki gen revni ki twòp pou kalifye pou Medicaid, men ki gen revni ki twò ba pou achte asirans sante prive. Pwogram nan ofri pwotection pou medikaman sou preskripsyon, sèvis swen nan zòrèy ak sèvis swen nan zye ak sèvis swen sante mantal pou tout 50 eta yo ak District of Columbia. Ajans Medicaid eta kote w ap viv la kapab ba ou plis enfòmasyon sou pwogram sa a, oswa ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou pwotection pou pitit ou yo nan www.insurekidsnow.gov sou Entènèt oswa si ou rele nimewo **1-877-543-7669**.

Lòt sèvis swen sante

Lè ptit ou ap resevwa SSI, n ap rekòmande ou kote ou ka jwenn sèvis swen medikal pou ptit ou. Sèvis sa yo kontwole anba dispozisyon Children with Special Health Care Needs (Timoun ki gen Bezwén Swen Medikal Espesyal) *Social Security Act (Lwa sou Sekirite Sosyal)*. Anjeneral pwogram sa yo anba kontwòl biwo sante leta yo.

Eta yo bay sèvis sa yo anpil non diferan, tankou avèk tou Children's Special Health Services, Children's Medical Services ak Handicapped Children's Program. Pifò pwogram yo ofri sèvis nan klinik, biwo prive, sant tretman pou pasyan ki pa entène ak pasyan ki entène epi ki baze nan lopital, oswa ajans kominotè.

Menm si ptit ou p ap resevwa peman SSI, youn nan pwogram sa yo ka anmezi pou ede ou. Depatman sante lokal yo, biwo sèvis sosyal lokal yo oswa lopital yo ta dwe anmezi pou ede w kontakte pwogram lokal Children with Special Health Care Needs (Timoun ki gen Bezwén Swen Medikal Espesyal).

www.socialsecurity.gov



Social Security Administration
SSA Publication No. 05-10026-HC
Benefits For Children With Disabilities (Haitian-Creole)
January 2012

